ZAMONAVIY PSIXOLOGIYA VA PEDAGOGIKA: MUAMMOLAR VA YECHIMLAR

XXI-RESPUBLIKA ILMIY-AMALIY KONFERENSIYA

YAKUNLARI BO'YICHA ILMIY ISHLAR TO'PLAMI




Issue - 10(2025) Available at www.uznauka.uz

# XIYWA XANLIǴINIŃ PATSHA ROSSIYASI TÁREPINEN BASIP ALINIWI HÁM JERGILIKLI XALIQLARDIŃ MILLIY-AZATLIQ GÚRESLERI (1873-1900)

**Isakova Gulaysha**

Berdaq atindaǵi QMU Tariyx qániygeligi 2-kurs magistranti

***Annotaciya.*** *Maqalada Xiywa xanlıǵının Patsha Rossiyasi tárepinen basıp alınǵannan soń Patsha Rossiyasınıń alip barǵan siyasatina qarsi jergilikli xalıqlardıń milliy-azatlıq gúresleri talqılanadi. Tiykarınan Góklen batır kóterilisi, Tallıq bolıslıǵındaǵı kóterilis bunnan basqa balıqshılar, diyqanlar kóterilisleri haqqında sóz baradı. Xiywa xanlıǵı aymaǵındaǵı milliy-azatlıq gúresleri haqqında maǵlıwmat beriledi.*

***Tayanısh sózler.*** *Xiywa xanlıǵı, Patsha Rossiyasi, Orta Aziya, Baba Góklen, On toǵız, Talliq, milliy-azatlıq gúresleri.*

Patsha Rossiyasi Xiywa xanlıǵın basip alǵannan soń, alip barılǵan siyasat nátiyjesınde xalıq hádden tısqarı koloniyaliq eziwshilik awır turmıs tásirinde jasadı. Salıqlardıń kóbeyip bariwi, bunnan basqada tólenetuǵın tólem túrleriniń kóbeyiwi hám májbúriy miynet xalıqlardıń turmıs tárziniń elede jamanlasıwına ashlıqdıń kóbeyiwine alip keldi. Bunday awır siyasat ásirese diyqanlar turmısında ayqın kózge taslandı, olardıń hár túrli májbúriy miynetlerge tartılıwı, diyqanshılıq menen shuǵıllanıw ushın kerekli texnikalardıń jetispewshiligi, egin maydanların suwǵarıw ushın jap-salmalardıń qoldan qazılıwı. Bul jumıslar ushın patshalıq tárepinen hesh qanday qárejet bólinbedi. Mısal ushın qazıw jumıslarına, 1889- jılı Ámiwdárya hám Quwanısh jarmadaǵı qashı shabıw jumıslarına 1300 qazıwshı ornına 743 adam islegen, qalǵanları para arqalı qazıw jumıslarınan qaldırılǵan bul bolsa diyqanlardıń narazılıǵınıń elede kúsheyiwine alip kelgen.{2. 91}

1875-jili bólimdegi patsha hákimshiligi tárepinen Shoraxan uchastkasına jiberiw ushın jıynalǵan Shımbay qazıwshıları zorlıq-zombılıqlarǵa qarsı naraziliq kórsetti.{5. 40-41}

XIX ásir aqırındaǵı patsha Rossiyasiniń alip barǵan siyasatina qarsı xalıq azatlıq gúresleri ishinde Shoraxan uchastkasınıń Sheyx-abbaz-Waliy bolıslıǵınan shıqqan Baba Góklen Otiz uli basqarǵan diyqanlar kóterilisi ayrıqsha boldı. Kóterilis úzil-kesil 10 jılǵa shamalas (1881-1891) dawam etken. Góklen batir basshılıǵındaǵı kóterilis Shabbaz-Waliy hám Biybazar bolıslıǵı menen birge Nókis bolıslıǵı hám basqa da jerlerge tarqaldı. Bul diyqanlar háreketi 1883-1884, 1887-1888 hám 1891 jılları kúsheydi. 1887-jılı Ámiwdárya suwınıń tasıwınan egislik maydanlardı suw alıp, eginler suw astında qaladı. Bul suw tasıwınan Shabbaz-Waliy hám Biybazar bolıslıqlarınıń 3518 tanap jerlerin suw alıp, 593 xojalıq tolıǵı menen eginlerinen ayrıladı. Patsha Rossiyası suw tasqını aqıbetlerin esapqa almastan xalıqtan salıq talap etedi. Bunnan soń diyqanlardıń kópshiligi Baba Góklen áskeriy toparına qosılǵan hám Baba Góklendi qollap quwatlaǵan. Baba Góklennıń isenimli jigitleri Sari Nepesov, Begim Ishanbetov hám basqalar bolǵan. Baba Góklen 1891-jılı ǵana qolǵa alınadı hám Petro- Aleksandrovskte azaplap óltiriledi.{1. 297}

Kegeyli bolısınıń birinshi awılınıń diyqanı Riza Ismanbetov 1896- jıldan baslap 5 jıl dawamında Ámiwdárya bóliminıń baslıǵına jergilikli ámeldarlardıń hám aqsaqallardıń ádilsizligi, qıyanetshilligi tuwralı arza qılǵan. Biraq bulardıń ótinishleri qanaatlandırılmaǵan. Kerishinshe arza bergenlerdi qamap, úylerin órtep jibergen. {4. 43}

Patsha húkimetiniń xalıqqa qarsı hár qıylı zorlıq-zombılıqları diyqanlar háreketiniń jánede kúsheyiwine alıp keldi. Bunın ayqın mısalı 1899- jılı mart ayında Shımbay uchastkasındağı Tallıq bolıslığı xalqınıń qozǵalanı boldı. Kóterilis xalıqtıń óz siyasiy huquqlarıbushın patshalıqtıń awıllıq hákimshilikke aqsaqal hám bolıslıqlardı saylawda ayrıqsha kózge túsedi. 1899-jılı 6-mart kúni Shımbay uchastkasınıń pristavi Kornilov, Tallıq bolıslığı Kulen Xudayshukurov hám basqa da lawazımlı adamlar menen birge tekseriw ushin Kopaq kól degen jerge kelgen. Tekseriw pitkennen soń Kornilovti Tallıq bolıslığınıń 2- awıl adamları qorshap alǵan. Diyqan Teńel Allekov barlıq jıynalǵanlar atınan, Ibaydulla Dáwletnazarovti aqsaqal xızmetınen bosatıwdı jańa aqsaqal saylawın ótkeriwdi talap etken. Kornilov bas tartadı hám bul waqıya haqqında Tashkentke xabar jiberedi. Bólim baslığı Galkin 28 mart kúni usı qozǵalańnıń basshıları retinde 19 adam qamaqqa alınadı. 1899-jılı 25 sentyabrde qamawdan bosatılıp, policiya baqlawi astinda awillarǵa qaytarıladı. Bul diyqanlardıń qozǵalani bastırılsa da , Shımbay uchastkası pristavi Kornilovti hám basqada jergilikli hákimlerdıń xizmet orninan bosatılıwna eristi. Bul qozǵalań xalqımızdıń koloniyaliq dúzimge qarsi gúresinde belgili orın aldı hám tariyxta “On toǵız” atı menen belgili.{3. 214}

Patsha Rossiyasınıń koloniyaliq siyasatına qarsı gúres tek diyqanlar, sharwalar emes, al balıqshılar hám basqa da kásip iyeleri arasında da bolıp turdı. 1897-jıldıń jazında Kókkól bolıslığınıń balıqshıları balıq kárxanasınıń starshinasi Popovqa qatań qarsılıq kórsetip, patshalıqtıń óndiris iyeleriniń balıq tapsırıw tártibin orınlamadı hám salıqlardı tólewden bas tartqan.

Koloniyalliq siyasatqa qarsi narazılıq háreketleriniń kúsheygenin, Ámiwdarya bólimınıń baslığı Galkinnıń ózide moyınlap “ Qanday da bir qolaylı

jaǵday kelgen waqıtta bul jerdıń xalıqları házirgi ústemlik etip turǵan basqarıw tártibine qarsı hár túrli jinayatlar islewi múmkin",- dep jazadi.{3. 215}

Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq, Patsha Rossiyası Xiywa xanlıǵın basıp alǵannan soń bul aymaqlarda alıp barǵan koloniyalıq siyasati xalıqtıń turmıs tárziniń jamanlasıwına alıp keldi. Salıqlardin hádden tıs kóbeytiliwi, májbúriy miynet túrleriniń kóbeyiwi, qazıw jumıslarına xalıqtıń teńdey jiberilmewi, yaǵnıy para arqalı bay shanaraqlar barmawi bulardıń barlıǵı xalıq narazılıǵına alıp keldi hám kóterilislerdińvkelip shıǵıwına sebep boldı.

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR

1. Қарақалпакстан АССР и Тарийхы. Әййемги заманнан баслап, уллы октябрь социалистик революциясина дейин. 1 том. Нөкис 1975. 295-298 бет.

2. Каракалпакстан XIX әсирдин екинши ярымынан XXI асирге шекем. Қарақалпакстанның жаңа тарийхы.Нөкис 2003. 91 бет.

3. Мамбетуллаев М, Туребеков М, Юсупов О. "Қарақалпакстан тарийхы" Нөкис 2010. 213-215 бет.

4. С. Камалов "Қарақалпақлардың ҳалық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетлигиниң тарийхынан". Нөкис 2001. 43 бет.

5. М.К Нурмухамедов, Т.А Жданко, С.К Камалов "Каракалпаки" Ташкент. 1971.